Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 27 (9821) /15 июль 2019 с. / Итни 11 Зуль-къаг1ида 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

Ополчениялъе – 20 сон

Архивалдаса

## Гьадин бук1ана

1999 соналъул 16 августалда биччараб **«Чапар»** газеталда буго **«Ах1ич1огун ра-ч1арал «гьалбал»»** абураб макъала. Гьениб бицен гьабулеб буго Чачан Республикаялдасан Болъихъ ва Ц1умада районазул ракьазде яргъидг1уц1арал къокъаби рач1иналъул, балъхъадерие кумекалъе нилъер г1адамазул къокъа иналъул ва гьезда гьениб бихьа – таралъул.

Гьенибго хъвалеб буго нилъер районалъул росабалъ, т1адехун рехсараб х1ужаялда хурхун, данделъабигун митингал т1орит1иялъул.

Гъоркьехун нижеца бахъулеб буго Дилималда т1обит1араб митингалъул г1ахьалчаг1аз районалъул г1адамазде гьабураб хит1аб.

### ОБРАЩЕНИЕ
### УЧАСТНИКОВ МИТИНГА В РАЙЦЕНТРЕ КО ВСЕМ ЖИТЕЛЯМ РАЙОНА
### 3 августа 1999 года.



***Уважаемые потомки славных предков Страны гор!***

***Над Дагестаном нависла страшная угроза. Бандитские формирования, состоящие из иностранных наемников, убийц разных национальностей и предателей дагестанского народа, со стороны Чеченской Республики Ичкерия совершили вооруженное нападение на территорию Цумадинского и Ботлихского районов Дагестана, где с захватчиками мужественно борются воинские части, милиция и местное население. Сопротивление захватчикам нарастает с каждым днем, провалились их надежды на поддержку местного населения.***

***Вторгшиеся на дагестанскую землю бандиты ставят своей целью под реакционным флагом изменить Конституционный строй в Дагестане, оторвать его от России и превратить народы Дагестана в послушных рабов.***

***Никогда не бывать этому! Народы Дагестана никогда не склонили головы перед врагом и всегда, когда нависала угроза над его свободой и независимостью, объединялись как единая семья, мужественно сражались с врагом. Так будет и на этот раз.***

***Мы, участники митинга, резко осуждаем действия вооруженных лиц, разных национальностей представляющих религиозно—экстремистские силы, проникшие в Дагестан с территории Чеченской Республики, призываем их одуматься, прекратить, вмешательство в нашу личную жизнь, в наши дела и хотим им напомнить, что никогда и никому в истории не удавалось насильственно навязать чуждые нам порядки.***

***Уважаемые жители Салатавии! В нашу дверь стучится беда. Придет она к нам или нет, зависит от каждого из нас. Сегодня, как никогда, мы обязаны вспомнить наших мужественных предков, их героические поступки, их преданную любовь к своему краю, к своей земле. Беде, которая сегодня пришла в Дагестан, можно противопоставить единство наших народов, их сплоченность, готовность, если надо, с оружием в руках отстоять свою независимость.***

***Сегодня, в этот ответственный и тревожный час, мы, участники митинга, обращаемся к населению района с призывом не терять бдительность, соблюдать спокойствие и твердость духа. Очень многое будет зависеть от нашей организованности, исполнительности, готовности в любое время дать достойный ответ бандитским группировкам.***

***Соединим в единый кулак волю, мужество, любовь к родной земле, дадим достойный ответ непрошенным пришельцам.***

*«Чапар» №33 1999 с.*

## Райадминистрациялда

9 июлалда райадминистрациялда тIобитIараб аппаратальул данделъиялда гIахьаллъана - районалъул бетIерасул ишал тIуралев И.И. Шабазов,заместителал: И.Б. Салимханов,З.Н.Эмеев,отделазул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул администрациябазул бутIрул.



Данделъиялъул хал гьабиялде босараб **«Гьаб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъигIалида жаниб гIадамазул гIарзазда сверухъ районалъул администрациялъ гьабураб хIалтIи»** абураб суалалда тIасан кIалъай гьабуна администрациялъул аппараталъе нухмалъулев ГI.П. Базаевас.

**«Гьаб соналъул бащдаб лъагIалида жаниб районалъул бюджеталде налогал рачIинари ва гьел ракIари»** абураб суалалда сверухъ гьабураб хIалтIул гьениб бицана экономикаялъул, планированиялъулгун гIуцIиялъул суалазул отделалъул специалист Ш.А. Мусалаевас.

Гьел суалазул хал гьабун хадусан гьениб тIобитIана Дагъис таналде тIаде кIанцIарал халкъалдагьоркьосел террористал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон тIубаялде тадбирал тIоритIиялъе гIуцIараб комитеталъул данделъи.

*И.ИДРИСОВ.*

## Конкурсазул призералгун дандчIвай

10 июлалда Дагъистан Республикаялъул бетIер В.Васильев дандчIвана ТIолгороссиялъулаллъун лъазарун рукIарал олимпиадабазул, гIелмиял форумазул ва цогидалги къецазул призёралгун.Гьенире гIахьаллъана- бетIерасул ва хIукуматалъул Администрациялъе нухмалъулев В. Иванов, лъайкьеялъулгун гIелмуялъул министр У.-п. ГIумарова ва тIадегIанал цIалул заведениябазул ректорал.



Аслияб къагIидаялда,гьеб дандчIваялда кIалъай гьабуна У.-п. ГIумаровалъ. Гьелъ гьениб бицана ахириял соназ республикаялъул цIалдохъабаз тIадехун рехсарал къецазда гьабулеб гIахьаллъи цIикIкIунеб букIиналъул ва гьенир гьез рихьизарулел хIасилал лъикIлъулел рукIиналъул.

Гьелъ абуна: **«ЛъикIлъулел руго ЕГЭ кьеялъул хIасилалги. Математика кьеялъул гьоркьохъеб балл цIикIкIана 10 баллалъ, гьединго, цIикIкIун буго 100 балл босаразул къадарги.**

**2018 соналъ гьединазул 19 цIалдохъан вукIарав ватани, гьаб соналъ гьезул къадар бахана 23 цIалдохъанасде»,**-ян.

Республикаялъул бетIерас цIалдохъабазда баркана лъикIал хIасилал рихьизари ва гьезие Баркала загьир гьабурал кагътал кьуна.

*РИА «Дагестан».*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

8 июль- хъизаналъул, рокьул ва цоцазе ритIухълъиялъул Къо

# Рохалида тIобитIана




Киданиги букIинчIеб гIадинаб аваданлъиги рохелги букIана 8 июлалда районалъул культураялъул Централда т1обит1араб данделъиялда. Гьеб данделъи хурхинабун букIана хъизаналъул къо кIодо гьабиялда. Гьеб тадбир лъугьана Дилим росулъа Иманпаша Абужанатовасе ва НазихIат Палисултановалъе цIияб хъизан гIуцIиялде тIоцебесеб гали тIамураб, талих1аб кьолъун.

Данделъи байбихьана гьезул ригьнал хьвай –хьвай гьабиялдалъун. БахIаразе рекъелги, щулиябгун талихIаб гIумруги гьарулаго, ЗАГСалъе нухмалъулей Аминат Писаевалъ гьезухъе кьуна ригьин ритIухъ гьабиялъул свидетельство.

Данделъиялъул хIурматиял гьалбаллъун рукIанагIемерал соназ жавабиял хъулухъазда рукIарал, жидерго росабазе, хъизабазе ритIухълъиялда хьвадарал - Виолетта Николаевна Юсупова, Патай Забитовна Джайрулаева ва Зарият СагIидовна Пабдулгъафурова.

Гьез бахIаразда баркана цадахъаб гIумру байбихьи. Гьаруна гьезие малъа-хъваял,бицана хъизан гIуцIи жавабчилъиги сабруги хIажалъулеб иш букIин. Гьеб рохалилаб къо кIодо гьабиялъе х1аракат бахъарал- районалъул руччабазул Советалъе нухмалъулей ПатIа Айтемировалъ, Дилим росдал №1 **«Маргъа»** лъималазул ахалъе нухмалъулей Хадижат МухIамадовалъ,сакъатал лъималазул Централъул директор Фатима Султамурадовалъ ва цогидазги бахIаразда баркана хъизан г1уц1и.

Гьарана гьезие щулияб сахлъи, рохел ва хъизаналъулаб талих1.

КечI-бакъангун, кьурдабигун цере рахъана культураялъул хIалтIухъаби: Рамазан Гьанищев, Бесират Адуева, Умижат Султанбекова, Лайла Имамирзаева, СагIид - АхIмад МухIумаев, №1 **«Маргъа»** лъималазул ахалъул гьитIичал. КIалъазе яхъарай В. Юсуповалъ, киназулго рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна руччабазул Советалъе, культураялъул хIалтIухъабазе рохел гIахьал гьабизе ахIаралъухъ ва хIурматалда жалго къабул гьаруралъухъ.

Данделъи бачана Хадижат МухIамадовалъ.

*ХIалимат КАРИМОВА.*

Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо

# Гьеб кIочараб къо бачIунгеги



Араб гIасруялъул I94I соналъул 22 июнь. ЛъагIалил бищунго халатаб къо. Гьелде тIаде, гьеб букIана гIодобкъоги. Хур-херадла рукIана колхозникал, рукъ-об хIалтIи яги хIалхьи гьабулел - хIалтIухъабигун хъулухъчагIи, улкаялъул бакI-бакIазде отпускаялъ арал ва унел -рагъул хъулухъазда ругел, риидалил сессия кьун- студентал, школазда цIалиги лъугIун ва вузаздегун гьоркьохъел заведениябазде цIализе ине хIадурлъун- сонисел цIалдохъаби..

Гьел т1олазулго рукIана жиде-жидее хасиятал-ги хасиятал гурелги анищал. Гьел, циндаго, нухда хутIизаруна **«Рагъ»** абураб рагIиялъ. Тушман къуватав ва гурхIел-рахIму гьечIев вукIин бихьизабуна рагъул тIоцересел къоязго.

**«ТIолабго – фронталъе, тIолабго-бергьенлъиялъе»** абураб ахIиялда гьоркь, СССРалъул халкъ цолъана ва тушманасде дандечIеялъе къватIибе бахъана.

Рецц Аллагьасе, гьеб рагъул кьогIлъиялъул хIалбихьарал нилъеда гьоркьор жеги ч1аго рук1иналъухъ. Гьезул биценаздасан, кинофильмабаздасан,тIахьалгун журналаздасан, газетаздасан цебе чIезабизе кIола доб заманалда букIараб ахIвал-хIал.

Инсаниялъул тарихалда би тIеялъул рахъалъ бищун вахIшияб,ункъо соналдасаги халатбахъараб гьеб рагъда нилъее камуна лъик1аздаса лъикIал гIадамал, риххана шагьаралгун росаби, заводалгун фабрикал,электростанцияби ва гь.ц. Бергьенлъи босаралдаса 74 сон аниги, жеги лъалеб гьечIо доб рагъул гIахьалчагIазул ккараб къисмат. Рагъда нилъер рахъккуралльун рукIаниги (жидедаго хIинкъун рукIиналъ), гьеб лъуг1ун хадусан, Америкагун Англия лъугьана нилъеде дандечIей гьабизе.Гьез хIаракат бахъулеб букIана нилъер бергьенлъи гIодобегIан гьабизе ва рагъул аслияб «юк» баччаралльун жалго рихьизаризе.

Гьай-гьай, гьеб букIана нилъер гIолеб гIелалъул пикру батIайиса буссинабизе бахъулеб хIаракат.СССРалъул заманалда гьеб политика цебехун унеб букIинчIеб батаниги, СССР биххун хадусан, нилъгун вацлъиялда рукIарал республикабаздацин байбихьана рагъда хурхарал бакIал хвезаризе, памятникал риххизе ва рагъдехунисеб бербалагьи бат1ияб рахъалде буссинабизе.Гьелдаго цадахъ,бутIрул эхеде рорхана чIвадарухъабилъунги хъамалчагIилъунги рукIараз. Гьелни бокьараб гьабулелги бицунелги рукIаян абилаан,Россиялъул бакI-бакIаздаги рагъда гIахьаллъаразул напс, бергьенлъиялъул къимат гIодорегIан гьарулел хIужаби кколел гьечIелани.

Щиб букIинеб, доб рагъ кIочонгутIиялъе бакараб **«Даимаб цIа»**,-ялда колбаса бежулел,хайгун гьабулел гIоркьилал раккараб заманалда?! РакI гьанцIула гьединал лъугьа- бахъинал рукIанин рагIараб заманалда ва ракIалде ккола сундасаго бокьилаанин гьединал г1оркьилал Москваялда сверухъ,Сталинградалда, Курскалда ккарал рагъазул гIахьалчагIилъун цо къоялъгIаги гьаризеян.

ГьабсагIаталда тарбия кьеялъул бугеб ахIвал-хIал хадусанги букIани, ц1икIкIинародай гьединазул къадар ва кIоченародай г1олеб г1елалда умумузда рихьарал захIмалъаби?!

Дир пикруялда хIажат буго,гьоркьоб къотIичIого,гIолеб гIелгун хIалтIи гьабизе. ГьитIинаб къоялдаса гьелъул бидулъ бессизабизе араб киданиги кIочон тезе бегьулареблъиги бачIунелда тIад ургъизе кколеблъиги, гурони, кватIун ккезе бегьула.

Гьеб рахъалъ Гуни росулъ гIолеб гIелгун гьабулеб буго гIезегIанго хIалтIи. ЖамагIаталъул вакилзаби, культураялъул, лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIухъабиги цолъун, нижеца тIоритIула батIи-батIиял данделъаби ва дандчIваял. ХIаракат бахъула гьезде гьоркьобе цIикIкIараб къадар гIолеб гIелалъул цIазе ва тIоритIулел тадбиразул хIалтIухъанчагIилъун гьел гьаризе. Гьединал тадбиразул цоябльун букIана пашманлъиялъулгун ракIалдещевеялъул кьолъун лъазабураб 22 июналда тIобитIараб тадбирги.

Гьеб къоялъ, цIалдохъабигун цадахъ,ниж щвана захIматалъул ветераназ: Мухлисат Пабасовалъухъе ва Ирайсат Меджидовалъухъе. Гьеб дандчIваялда гIахьаллъана руччаби: СагIадат Сайпудинова, Сайгидат Сурхаева, Румият Булачова,Пайшат Айтемирова ва гь.ц.

ЗахIматалъул ветераназ гьениб бицана рагъул соназ росулъ букIараб ахIвал-хIалалъул ва бихьараб гIакъубакъварилъиялъул.ЦIалдохъабаз гьезие кьолел суалаздасан бичIчIунеб букIана гьел,кIваркьун, гIенеккулел ругебльи ва биценал гьезул ракIазулъ рессулел рукIин.

**«Нуж кидаго гьединаллъун рукIине гьечIо,кIудиял гIезе руго. Нужеца хIаракат бахъе ракълида тIад хIалтIизе ва гьеб цIунизе. Рагъалдаса кIудияб балагь инсаниялтде тIаде бачIине рес гьечIо»**,-ян абураб пикру загьирлъулеб букIана гьезул биценазулъ.

ЦIалдохъабаз ветераназе рикIкIана кучIдул.

*Загьра УМАЛХIАТОВА, Гуни росу.*

Инсан ва гIумру

# Даималъ рекIелъ хутIила



Дагъал церегIан къояз гIумруялдаса ватIалъана Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав тохтур, сахлъицIуниялъул отличник **Салман ГIабдулкеримович ГIабдулкеримов.**

Салман ГIабдулкеримов гьавуна 1944 соналъ Гуни росулъ.1964 соналъ гьев лъугьана Каспийск шагьаралъул медучилищеялде, хадуб гьес тIокIлъиялда лъугIизабуна Ставрополалъул мединститут.

КIикъогоялдасаги цIикIкIарал соназ Салманица нухмалъи гьабуна Хасавюрталъул централияб больницаялъул терапевтическияб отделениялъе.

Гьел соназ С. Пабдулкеримовас сахлъи цIунаразул,гьес хIатIазда лъугьаразул къадар, гьай-гьай, лъазе захIматаб иш буго.Гьединго, рикIкIине захIмалъила гьесухъ хIурматалда,адабалда ва хьулалда ралагьун рукIаразул къадарги. Салманихъе ккарал унтараз абулаан гьесул хIеренаб, берцинаб, гIодобе биччараб ва рекIелъан бачIунеб каламалъ квербакъулеб букIанин хехго сахлъиялъе. РакIбацIцIад,бажарун ва махщалида гьес хIалтIи гьабулеб букIараблъиялъе нугIлъи ккола гьесие щварал тIадегIанал цIараз ва рикIкIен гIемерал цогидалги шапакъатаз.

Амма гьел киналниги шапакъатаздаса гьесие хирияб букIана сахлъараз ракI-ракIалъ кьолеб баркала. Салманица ва лъади Капиятица гIезаруна ва гIумрудул нухде рахъана 5 лъимер. Капият акушеркалъун хIалтIана гIагараб росулъ,1986 соналдаса гьей хIалтIулей йиго Хасавюрталъул перинаталияб (цебесеб роддом) централда. Гьенийго акушер-гинекологлъун хIалтIулей йиго Салманилгун Капиятил яс Майсаратги.

ЛъикIав инсан, жиндирго махщалил профессионал С.ГI. Пабдулкеримов даималъ рекIелъ хутIила гьес сахлъи кьуразулгун гьев лъалел рукIаралщиназул.

*Бесират ГIадуева, Гуни росу.*

# Баркала хехаб кумекалъухъ

6 июлалъул къаси бараб чвахун цIадалъул хIасилалда, нижер рукъзабахъе лъим кIанцIана. Бихьаразда гурони лъаларо, кисан бачIина бугеб лъалареб,битIахъе гIорлъун кколеб,чорокаб лъим мина-свериялде жанибе лъугьараб заманалда,гьелъ рекIее лъикIаб асар гьабуларебльи. Радалго нижее кумекалъе рачIана районалъул техногенниялгун тIабигIиял балагьаздаса гIадамал ц1униялъул (**ЧС** ва **ГО**)хIалтIухъаби.



Гьай-гьай,цIа свинабиялъе хIалтIизабулеб автомашинаялъ чорокаб,щалай ва цогидаб рищни- къул гьорлъ бугеб лъим цIузе бегьулареблъи бичIчIуна,гьелъие хIажалъула хасаб техника,амма, гьелъухъ балагьичIого,ЧСалъул гIолохъабаз нижер мина- свераби лъедаса эркен гьаруна. Гьеб хIалтIи,кIвахIтун, гьабиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна, ЧСалъул ва ГОялъул начальникасул заместитель ТIагьир Чегуевасул бетIерлъиялда,- ТIагьир ШихсагIидовас,Султан ХIажиевас,ХIажи ХIажиевас,Сахрудин ИнагIабасовас,Сайпула МухIамадгIалиевас,ХIамзат Сайпудиновас, Марат ЯхIяевас, АхIмадрашид АхIмадрашидовас ва Ислам Мусаевас.

Бокьун буго рехсарал гIолохъабазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Кьеги гьезие щулияб сахлъи,рохел, хъизаналъулаб талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

*Муъминат Гьазиева, Калининаул росу.*

*Инсан ва гIумру*

# Гъаб буго нилъер тарих



Шамиль имамасул наиб, Буртунаялдаса КIудияв ХIасанил хIакъалъулъ гIемераб бицен гьабуна тарихчагIаз газетазул гьурмаздасан. Гьединал биценал руго Дилималдаса Дадаев Юсупил ва Мансуров Шамсудинил тIахьаздаги.

Нижецаги **«Чапар»** газеталъул гьурмазда гIемераб хъвана гьев бахIарчиясул хIакъалъулъ. Гьанже дие бицен гьабизе бокьун буго ХIасанил жакъасел наслабазулги гьезул умумузулги хIакъалъулъ.

Дов нилъеца бицен гьабулев Наибасул рукIуна 2-го вац: Иразиги ХIамзатги. Иразица ячуна Буртунаялдаса Умаласул яс ПатIимат. Ирази гьавун вуго I845 соналъ, ПатIимат - I860с. Гьезул рукIуна 3-го васги цо ясги. МухIамад гьавула I87I соналъ (эбел батIияв), Юнус - I88I соналъ, ХIайбула - I883 соналъ, Зугьра - I887 соналъ.

ХIамзатица ячуна Халитил яц Улангерек. ХIамзат гьавула I835 соналъ, Улангерек- I847соналъ. Гьезулги рукIуна лъабго васги лъабго ясги.

*МухIамадгIали вуго I867 соналъул; Бияхъай - I874 с.*
*Халун - I879 с. ПатIуч - I885 с.*
*Задай - I880с. ГIумар - I892 с.*

Улангерекил вац Халитги КIудияв ХIасанил вас ХIамзатги лъабго нухалъ лъелго хIежалде уна. Гьедин, гьезул ц1аразде т1аде жубала «ХIажи» абураб цIарги.

Гьел мунагьал чурадал рукIуна гIураб гIараб гIелму цIаларал, ай, цогидал жидецаги цIализарурал, камилаб гIелмуялъул кьучIал гIалимзаби.

Халитил вас Халитица (ХалитхIажица) ячуна Гъазиясул яс ХIалимат. Гьезие гьарула кIиго васги лъабго ясги.

*Таибат гьаюла I882 соналъ, Иси – I887 с. Башу – I890 с.*
*Муса - I885 с. МухIамад -I888 с.*

Бищун кIудияв вас Мусаца ячуна кIиго чIужу: ХIава ва Хамика. Гьезул лъимал ккола - СагIидбег, ХIабизат, Иси, Уланбег.

МухIамадилги Аймеселги - лъимал: АхIмад, Расул, Асудин, Хадижат, ХIалимат.

Башул лъимал: Ниязбег, Анарбег, Жугьарат, Жарадат, Нажабат, ПатIимат.



Нилъеца тIадехун бицен гьабулев гьаб макъалаялъул жакъасев бах1арчи ккола кIудияв Халитил вас ХалитхIажи.

Гьев гьавун вуго I855 соналъ гьанжесеб Буртунай росулъ, гьесул лъади Гъазиева ХIалимат- I865 соналъ гьебго росулъ.

Ахирисеб нухалда хIежалде индал Мадинаялъул къиралас ХалитхIажие сайгъат гьарун руго чIумалги, гIансаги, халгIатги, гьес гьел, ахиралде щвезегIан, щулаго цIунунги рукIун руго.

ХалитхIажи гIумруялдаса ватIалъула I925 соналъ. Гьесул бук1уна 7Iсон. Гьев вукъун вуго Бабаюрт районалда бугеб буртабазул ХIамзаюрт росулъ.



ГIи-боцIигун гъутаналда вукIарав вас Мусаде щвезе аралъув накълулъун вуго гьев мунагьал чурад.

Дол цересел соназ Мусал вас СагIидбег, хIалтIула колхозалъул бухгалтерлъунги цогидал жавабиял хIалтIабаздаги.

Гьесул лъади Халун йикIана мухъилай хIалтIухъан, гурхIел-рахIму цIикIкIарай гIадан. Гьез, лъикIаб тарбия кьун, гIезарула кIиго васги кIиго ясги. Гьезулги руго лъимал, жидерго магIишат-яшавгун батIи-батIиял ва жавабиял хIалтIабазда. Цогидав васас - Уланбегицаги гьабуна колхозалдагун совхозалда бухгалтерасул хIалтIи. Дица абиларо гьайбатаб букIанилан гьел гъаримзабазул гIумру.

Дол цересел соназул гIадамазул гIумру киданиги лъик1аб бук1ун батуларо. Хенон миккги бетIун мичIчIги гурони кваназеги щолареб, сугъралцин ретIизе ретIелги гьечIеб заман киданиги лъик1аб букIунаро. Кин букIаниги дол умумуз хIехьон руго - ракъи-къечги, янгъизлъи, язихълъи. ЛъикIги квешги гьез ракъдаде рахъинарун руго лъимал, хъизан. Ресал ратун руго гьел гIумрудал нухде рачине, гьезие гIелму-лъайги щвезабизе.

Гьезие мисаллъун ккола гьединал, язихъал хурухъабазул хъизабазда гIурал лъимал жакъа инженераллъунги, тохтурзабилъунги, мугIалимзабилъунги, гIалимзабилъунги рукIин.

Рукъоб бечелъи букIун ва хадув вахъунев чи вукIун машгьурлъарал гуро нилъер районцоял - МахIачев ХIажилги, ГIумахановазулги, ХIабизат МухIамадовалъулги, Юсуп Дадаевасулги, ГIумарасхIаб Загьировасулги, АхIмад Шахбановасулги, ХIабиб ГIисаевасулги, Зикрула Ильясовасулги, Мавлет Батировасулги,ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасулги, бажарун, нилъер районалъе нухмалъи гьабулев вугев, Дагъистаналъул Халкъияв БахIарчи, дов, лъабго нухалда хIежалде лъелго арав, ХалитхIажил Мусал васасул васасул вас - Мусаев ХIажимурад ХIажиевичасулги ва гIемерал цогидазулги цIарал.

Гьезул цIарал машгьурлъана жидеда цебе дол умумуца лъураб нухалда битIун гали тIамизе бажариялъ. Дозул малъи рекIелъ цIуниялъ ва жал рижараб улкаги халкъги бокьиялъ. ГIемерал, гьунар тIокIал, гIакълу камилал гIадамал руго дов имам Шамилил наиб КIудияв ХIасанил наслабазул.

Гьезул тIолазулго бицен гьабизе нилъер хIал кIвеларо.Газеталъул цересел номеразда нужеца цIалун батила ХIасанил цогидал наслабазул бицен.

Гьениб дица тIадчIей гьабулеб буго, гьанжеялдаса I80 соналъ цере, тулиялъурги регун, къохьол ретIелги ретIун,гIарадабазде данде хунжрулги росун, эркенлъиялъе гIоло рагъарал ва лъиданиги цебе бетIер къуличIел наслабазул лъимал нилъго рукIин гIун бачIунеб гIелалда лъазе.

**М. ЧУПАЛАЕВ.**

*Ополчениялъе - 20 сон.*

# Ополченцал - Болъихъе

Нилъ нугIзаллъун руго,СССР биххиялъул хIасилалда, улкаялда ккарал хиса- басиязе.

**Масала:** гьезда гьоркьоб букIана Чечняялда ккараб ахIвал-хIалги. Халкъалда гьоркьосел чIвадарухъаби (террористал) гьенир данделъиялъул хIасилалда ккарабги нилъеда лъала. Гьез хIаракат бахъулеб букIана Дагъистанги гьеб гIала-гъожалде гьоркьобе цIазе ва гьез цо чанго нухалда хIалбихьана нилъер ракьалде рачIине.

Россиягун ккараб тIоцебесеб рагъул хIасилалги рихьун, гьенир рукIарал, изну гьеч1ого, яргъидгIуцIаразда ккана жал бергьанин ва гьел лъугьана тIолабго Кавказ жидерго мухъилъе цIазе. Гьеб мурадалда, I999 соналъул августалда боевиказул къокъаби лъу гьана Болъихъ ва ЦIумада районазул ракьазде. Гьезда ракIазда, гьай-гьай, букIун батила Дагъистаналъул гIорхъода ругел цоги районаздеги рачIине.

Доб заманалда нилъер районалда гьезда дандечIей гьабизе аскариял рукIинчIо, яргъидгIуцIараллъун рукIана гIицIго РОВДялъул хIалтIухъаби. Болъихъ районалде террористал кIанцIи лъарабго, дол соназ районалъул бетIерлъун вукIарав Памир Пазаевас, хехгьабун, гIуцIана 35 чиясдасан ополченцазул къокъа ва гьел ана балъхъадерие кумек гьабизе.



Нилъер ополченцал гьенире щвеялъул хIакъалъулъ **«Дагестанская правда»** газеталда (I9 авг.I999с.) МухIамад АбихIасановас хъван букIана: **«Болъихъе ругел нухазул захIмалъиялъулцин гуреб бицен гьабизе кколеб, гьелъул бокьараб бакIалда цо чи гранатомётгун вугони,гьес кинабниги къокъа цебехун биччачIого букIине бегьиялъулин ва гьеб гьесда тIубанго тIагIинабизе кIвеялъулин. Дица гьелъул хIакъалъулъ хъвалеб буго газетчик хIисабалда гуреб, армиялъул разведкаялъул запасалда вугев офицер вукIиналъ. Дида лъала рагъул нухазул захIмалъи.**

**Ункъо сагIаталъул нухги нахъа тун, кинаб букIаниги лъугьа-бахъинги ккечIого, Казбекалъул ополченцазул къокъа Болъихъе щвана. Болъихъе гьезул бахIарчияб щвей дида бихьана нилъер десантниказ Боснияldаса Косовоялъул аэродромалде гьабураб хехаб маршбросокалда релълъараблъун. Амма десантникал инчIо,Казбекалъул гIолилал гIадин, гIумруялъе хIинкъи бугел мугIрузул нухдасан,гьезда цебе букIана хъил тIураб шагьранух.**

**Десантниказул гьеб операциялда цIар тана «Суворовасулаб», -ан ва гьелъул гIахьалчагIи кIодо гьаруна орденалгун медалаздалъун.**



**РакIалде ккола (гьелъие заманги бачIина) Казбекалъул гIолохъабазеги шапакъатал кьелин,гьел гьелъие мустахIикъалги руго»,**-ян.

Гьай-гьай, нилъер гIолохъаби мустахIикъал руго шапакъатазе,амма гьелъул гуреб дие бицен гьабизе бокьун бугеб. Дица бицен гьабулеб буго гьезул бахIарчилъиялъул, бокьараб къоялъ гьел гIагараб ракьги жидер халкъги цIунизе хIадур рукIиналъул. Гьеб лъугьа- бахъиналъ бихьизабуна нилъер г1адамал дол бахIарчиял умумузул унго-унгоял ирсилаллъун рукIин ва гьезда мугьчIвай гьабизеги бегьулебльи.

***ХIажи АДИМИРЗАЕВ, Дилим росу.***

# Баркалаялъул кагъат



Дагъал церег1ан къояз Буртунай росулъа Г1исаев Х1ажимурад Мухтарах1мадовичасухъе ва гьесул лъади Аминатихъе, гьезул вас Мухтарах1мадица рагъулаб хъулухъ гьабулеб часталъул командирасул ишал т1уралев Д. Земсковас, бач1араб кагътида хъвалеб буго:

**Уважаемые Хаджимурат Мухтарахмедович и Аминат Гунашевна!**

*С этим письмом обращается к вам командир полка, в котором проходит службу ваш сын.*

*За время службы Мухтарахмед зарекомендовал себя как трудолюбивый и старательный военнослужащий, пользующийся среди сослуживцев и командиров заслуженным авторитетом.*

*От всего личного состава и от себя лично выражаю вам глубокую признательность за хорошее воспитание сына.*

*Вы вырастили настоящего защитника нашей родины - великой России!*

Рагъулаб гьаялъе Мухтарах1мад рит1ухъавлъун вук1иналъе нуг1лъи гьабула гьаб соналъ Москваялда т1обит1араб Бергьенлъиялъул парадалда гьев г1ахьаллъиялъги.

# Баркала нужее, лъикIал гIадамал!

Киназдаго лъала, тIаде къо ккарабго, нилъер гIадамал кумекалъе,сундухъго балагьичIого,рахъунеблъи.

Узухъда, цебе заманалда кумек гьаби цIикIкIун букIунаан, гьелде хIажалъиги гIемер кколаан.(Хур-хералъул хIалтIаби, мина бай,ва гь.ц. Гьезда гвай байилан, гъастIабакIилан абулаан). Гьаб заманалда гIемерисеб хIалтIи гьабула батIи-батIияб техникаялъ,бакIал рала устарзабаз ва кумек гьабиялъул иш дагьлъун буго, гьанжесеб заманалда гьелде регIаралги рукIунел гьечIо. Амма балагьал лъугьа-бахъиназда нилъер гIадамал цолъулелги кумекалъе рахъунелги руго.

Гьелъие гIемерал мисалал рачине бегьула,гьелъул хIакъалъулъ бицуна ва хъвала. Умумулъанго бачIараб гьеб г1адат цIунун букIиналдаса дун цIакъ йохарайги йиго.

Дагьал церегIан къояз Гертмаялде унел дир васал ккана автоавариялде. ТIаде ккараз гьел, хехлъи гьабун, щвезарун руго больницаялде. Гьенир, гьарулел ишалги тун,тохтурзабаз васазул тIубанго хал гьабун буго.

Бокьун буго дир васазе хIалае рахъарал тIолазего, хасго приёмный покоялъул, реанимациалъулгун хирургиялъул отделениябазул хIалтIухъабазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Кьеги гьезие сахлъи, рохел,талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

***ПатIимат УСАМАТОВА, Дилим росу.***

# ВатIан цIунулаго,..



ХIалимов Юсуп НурахIмаевич гьавула Хубар росулъ. Школа лъугIун хадув, Юсуп цIалула Буйнахъск шагьаралъул педучилищеялда,цIали лъугIарабго, гьев хIалтIизе витIула ЦIумада районалде. Гьенисан Юсуп уна рагъулаб училищеялде.

Капитан Ю. ХIалимовас хъулухъ гьабулеб букIуна гIарадабазул полкалда. Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ Юсупие кьола кIиго **«Баг1араб цIва»** орден.

Аграриябгун экономикаялъул колледжалда цебе гIуцIараб ТОКСалъул **«Прометей»** группаялъ гьабураб цIех-рехалъул хIасилалда баянлъана, капитан Юсуп ХIалимов 1944 соналъул 19 августалда ч1вараблъи ва гьев вукъун вукIин Эстониялъул Пылва районалъул Сосаре росулъ.

Гьев ракIалде щвезавиялда хурхун, Хубар росдал школалда тIоритIула батIи-батIиял тадбирал.

***Болатхан ХАЛИЛУЛАЕВ,***
***Хасавюрт шагьаралъул аграриябгун экономикаялъул колледжалъул ТОКСалъе нухмалъулев.***

Спорт-инсанасул сахлъи

# *Туристазул слеталда...*

29 июналда нилъер районалда байбихьана 65-аб. республикаялъул лъайкьеялъул учреждениябазул туристазулгун гIагараб ракь лъазабулезул слёт.

Анкьалъ халатбахъараб (гьелъул хIасилал гьаруна 3 июлалда) гьеб тадбир тIобитIана-лъайкьеялъулгун гIелмуялъул, туризмалъулгун халкъиял промыслабазул министерствабазул ва МЧСалъул БетIераб управлениялъул хIаракаталдалъун. Слет гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе квербакъана районалъул администрациялъги.



Слёт гIуцIаразул мурадлъун букIана цIалдохъабазул гIорхъодаса арал тIабигIиялгун техногенниял лъугьа-бахъиназда гIадамал ва буголъи хвасар гьариялъе ругьунлъиялъул къагIидаби церетIезариялъе, гIагараб ракь,гьелъул тарих лъазариялъе гьез гьабураб хIалтIул хал гьаби. Гьенире гIахьаллъана республикаялъул районаздаса 21 команда. Соназде балагьун, цIалдохъаби рикьун рукIана кIиго группаялде. Цоабилеб группаялда (гIисинал классазул цIалдохъаби) тIоцебесеб бакI босана ГIахьвахъ районалдаса цIалдохъабаз, кIиабилеб - ЦIумада районалъул командаялъ ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалъул команда. КIиабилеб группаялда ( чIахIиял классазул цIалдохъаби) тIоцебесеб бакIалъе бачIана Гъизилюрт районалдаса команда, кIиабилеб бакI щвана Кубаялъул (гъутан) гьоркьохъеб школалъул командаялъе ва лъабабилеб босана Хунзахъ районалъул цIалдохъабаз.

Къецазул бетIерав судья Арсен ХIайбулаевасул рагIабазда рекъон, гьава-бакъалъул рекъейгьечIолъиялъухъ балагьичIого, лъималаз гьенир лъикIал хIасилал рихьизарун руго.

Призалъулал бакIал ккурал командабазе гьенир кьуна кубокал,грамотаби ва туристазе хIажалъулеб къайи-цIа.

Гьединго, гьеб тадбир гIуцIиялда т1обит1ялъе квербакъарал-районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасе, гьесул заместитель И.И.Шабазовасе, администрациялъул отделазе нухмалъулезе, лъималазул творчествоялъул Рукъалъул мугIалим З. Э. Абакаровалъе, ЦРБялъул бетIерав тохтур М.И. Хъарамирзаевасе, ОМВДялъул начальник ГI.ХI. Халидовасе, ЦТКНРалъул директорасул заместитель Р. К. Гъанищевасе ва цогидазе гьенир кьуна Баркалаялъул кагътал.

***И. БУЛАТХАНОВ.***

Социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул Управлениялъул х1алт1ухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго Дилим росулъа Маржанат Г1усмановалда ва т1олабго г1агарлъиялда, - вац

**Г1усман**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан.

**«Чапар»** газеталъул х1алт1ухъабаз зигара балеб буго Дилим росулъа Гъазих1ма Абуевасда, -эбел

**Анай**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан.

**«Чапар»** газеталъул редакциялъ, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Мухтар Г1абдулгъапуровасда ва т1олабго г1агарлъиялда,- яц

**Зазабика**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

*Бетlерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354*
*Заказ №260 Тираж 1100*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*